

# PEP bu jàmp: Ab Téere tegtal ngir jëfandikukat



## PEP ngir fàggu VIH

Prophylaxie ginaaw bi nga sèyee (post-exposure prophylaxis, PEP) garab la gu jàmp gu mënna moytu infeksiyoŋu VIH bu bees.

- Nanga jël PEP bu jàmp sudee danga am VIH.
- Tambalil PEP ci nimu gëna gaawe te bu weesuwal 72 waxtu ginaaw sèy.
- Soo bëggee tàmbali PEP ci saasi, NYC PEP ci saasi wooteel (NYC PEP Hotline) 24/7 ci 844-3-PEPNYC (844-373-7692).

## Nanga jël PEP bu jàmp bis bu nekk ci diiru 28 fan

- Am na garab yu bari ngir VIH PEP. Laajteel sa fajkat naka ngay naan sa pilule PEP.
- Soo ñàkke doosu PEP bis bu nekk, ëlëg sa jël benn dose kese.
- Nanga jël PEP doonte dangay tukki wala ci bis yi ngay jëfandikoo dorog wala sàngara.

### Nga naan PEP bis bu nekk:

- Defal ab fàttaliku bis bu nekk ci sa telefon wala ci sa almanaak.
- Nanga naan PEP balaa ngay def sa liggéey bis bu nekk, lu ci melni sooy ndékki wala ngay tëdd.
- Deel yab ab doom PEP ci keesu doom wala nga laxas ko ci këyit aluminium. Su loolu amee, soo fàttee yóbbu ko sa kër wala sa pexe soppiku, dinga wéy di yóbbaaale PEP.

Mën nañu la jox “ëmbeefu ndorteel” bu ànd ak doom PEP yooy jëfandikoo ci ay fan yu néew. Bindal sa ordonaans ci 28 fan yi ci des ci PEP bi ci nimu gëna gaawe. Soo bëggee jokkoo ak ki lay faj, NYC PEP ci saasi wooteel (NYC PEP Hotline) 24/7 ci 844-3-PEPNYC (844-373-7692).

## Naka PEP di Doxee ngir Dakkal VIH

Soo amee VIH, fan yu néew rekk lay def balaa infeksiyoŋ bi di dugg sa yaram. Soo jëlee doosu PEP bu njëkk bi, dafay tàmbali tere virus bi di yokk. Sooy wéy di jël PEP, selul yi am VIH dañuy dee, virus bi mënul tasaaroo ci yeneen wàll yi ci sa yaram.

Yenn klinik yu NYC dañuy jox VIH PEP te doo fay, nit ñi amul assurance, doonte immigré lañu. Ak nga mag wala ndaw, mën nga am PEP bu jàmp te doo am ndigalu waajur wala ki la yor.

## Xoolal ak sa Fajkat

Saytul ak sa fajkat ci telefon, ci bataaxal wala ci imeel suko defee ñu xam ndax yaa ngi jël PEP VIH ni ñu ko bindee.

- Soo amee yaram wu tàng, gland yu newwi, wala ay tëndandiir, waxal sa fajkat ci saasi — loolu mën na nekk màndarga yi njékka wane ni am nga VIH.
- Sa fajkat dina lay saytu ndax am nga VIH soo tàmbalee PEP, soo jeexale PEP, ak ñaari weer ginaaw boo jeexalee PEP. Soo jeexalul ci PEP, danga wara topp càmbar VIH.
- Soo béggee bàyyi jël PEP, waxtaanal ak sa fajkat mu xool ndax mën nga ko bàyyi.

## Waxal ci bépp Njeexital

PEP VIH mën na indi yeneen jafe-jafe yu woyof, lu ci melni xel mu teey, biir buy woñaaru, coono, ak boppu buy metti. Njexital yooyu dañuy faral di wér wala ñu jeex ginaaw ayu-bis bi njëkk ci jël PEP. Waxtaan ak sa fajkat sudee jafe-jafe yi wéy di la sonal.

- Ngir fàggu xel mu teey, naanal PEP ak sa sàndiis wala balaa ngay nelaw, wala ñoom ñaar. Soo béggee féexal xel mu teey, jéemal lekk bonbon ginger wala ataaya mente.
- Soo béggee wàññi ngelawal bi wala gonngoor gi, jéemal jëfandikoo garab guy wàññi ngelawal bi te soxlawul ordonaas.
- Soo amee ginaaw kër yu ndoxe yu lay sonnal, jéemal jël ay fercent yuy dëgërël.

Mën nga jël PEP sudee ëmb nga wala nga jël benn xeetu kontrasepsion wala pajum ormon. Waxal sa fajkat sudee yaa ngi nàmpalee ween balaa ngay tàmbali PEP.

## Nanga jël PrEP ngir mëna Aar sa bopp ci VIH

Ginaaw PEP bu jàmp, xalaatal jël prophylaxie bunu teela jog (pre-exposure prophylaxis, PrEP). PrEP garab la gu wóor te baax guy fàggu ci VIH, te jàppandina ne doom bu nuy jël bes bu nekk ci doom wala pikiir, ñaari weer yu nekk. PrEP soxlawul paj mu jàmp te mën nala aar sudee danga sèyaat ak ku am VIH.

Ngir am ci yeneen leeral ak yeneen tegtali jëfandikukat, demal ci [nyc.gov/health/hiv](https://nyc.gov/health/hiv) wala nga eskane kodu QR bi.

